

Gid Demaraj Rapid

Pou Mete Ajou Aplikasyon Mobil HHAeXchange+ la

Aplikasyon mobil HHAeXchange+ la ap bezwen yo mete li ajou plizyè fwa pa ane. Yo avize PCA yo lè aplikasyon an bezwen mete ajou.

Sa a se pwosesis jeneral la, men pwosesis la ka yon ti kras diferan depann sou aparèy pèsònèl ou.

Swiv etap ki anba yo pou mete ajou app mobil HHAeXchange+ pou aparèy Android ak Apple.


1

Etap 1: Louvri App Store la


Sou aparèy *Android* ou, chèche **“Google Play Store”** epi tape sou ikòn **“Google Play”** Store.

Sou *iPhone* ou oswa *iPad*, louvri aplikasyon **App Store** la.

Android



Apple




2

Etap 2: Tape sou ikòn pwofil la


Tape sou **ikòn pwofil** la oswa bouton **“My Account”** (Kont Mwen) ki nan kwen anlè dwat nan ekran telefòn ou an.

Konsèy: *Ikòn pwofil la prezante inisyal ou (yo) oswa yon imaj ou chwazi.*

Android



Apple



3


Etap 3: Tape sou Manage apps & device

Sou aparèy *Android* ou, chèche **“Manage apps and device”** (Jere aplikasyon yo ak aparèy) epi tape sou li.


Sou *iPhone* oswa *iPad* ou, woule pou wè Mizajou Otomatik K ap Vini yo. Tape **“Update”** (Mete Ajou) akote yon aplikasyon pou mete ajou sèlman aplikasyon sa a oswa tape sou **“Update All”** (Mete Tout Ajou).

Konsèy: Si aplikasyon EVV a pa parèt, sa vle di dènye vèsyon an enstale.

Android



Apple




4

Etap 4: Klike sou kaz la

Anba Jere tab la, jwenn aplikasyon HHAeXchange+ la. Tape kaz **ki sou** bò dwat la sou aparèy *Android* ou a.

Android



Apple

Pa gen okenn lòt etap ki nesesè sou *iPhone* ou oswa *iPad* apre etap 3.

5

Etap 5: Tape sou Update (Mete Ajou)

Android

Sou aparèy *Android* ou, tape bouton **“Update”** (Mete Ajou) a.

Konsèy: Si aplikasyon EVV a pa parèt, sa vle di dènye vèsyon an enstale.

